



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PORT AUTHORITY A (OTORITE PÒ) TE APWOUVE
PWOJÈ LWAYE DELTA NAN AYEWOPÒ LAGUARDIA POU FINI AK
TRANSFÒMASYON K AP FÈT NAN AYEWOPÒ A**

Lwaye a Apwouve jiska 2050

*Rekonstriksyon Etablisman Delta nan Ayewopò a pou Kreye yon Nouvel
Ayewopò Inifye*

*Pwoje a gen ladan \$3.6 Milya nan Finansman Prive ak \$600 Milyon nan
Investisman Kapital Port Authority a*

*Konstriksyon LaGuardia ki te Kòmanse an Jen pase a pral Agrandi pou l gen
ladan l Nouvo Etablisman Delta Ane sa a*

Yo Konte Ouvri Premye Nouvo Pòt LaGuardia yo an 2018

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Port Authority a te apwouve yon lwaye jiska 2050 nan kad dènye eleman transfòmasyon Ayewopò LaGuardia a. Redevlopman an pral transfòme tèminal Delta nan LaGuardia pou yo vin tounen yon konplèks depwent \$4 milya. Port Authority a ap founi \$600 milyon nan fon pou pwojè ak rès konstriksyon an - Delta ak patnè li yo ap founi \$3.6 milya nan finansman prive. Konstriksyon nan LaGuardia te kòmanse an jen epi l ap agrandi pwojè sa a nan fen ane sa a, apre apwobasyon règlemantè adisyonèl yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Nou ap transfòme LaGuardia pou l vin yon ayewopò 21^{èm} syèk ki gen kalib mondyal, nan menm kalib New York merite, epi apwobasyon sa yo asire pwojè a pral kontinye vanse ak tout fòs. Depi lè yo kòmanse pwojè a an jen, nou te fè anpil pwogrès nan konstriksyon yon nouvo ayewopò yo te panse ki t ap enposib, sa k ap restituye konfyans nan kapasite gouvènman pou l fè travay li. Mwen remèsye Delta ak patnè li yo epi mwen ap atann pou m akeyi anpil milyon vwayajè k ap pase nan pòt nouvo Ayewopò LaGuardia a.”

PDG Delta Ed Bastian te di, “Delta pran angajman pou l kontinye fè investisman nan enfrastruktir ayewopò a nan New York ak toupatou nan mond, epi apwobasyon lwaye jodi a fè LaGuardia vin pi pwòch yon ayewopò eksepsyonèl kliyan New York nou yo merite. Nou fyè pou nou patisipe nan efò pou rekonstwi youn nan ayewopò ki gen plis anbouteyaj ak ki pi koni nan mond lan, epi nou ap atann nou pou n travay ak Port

Authority a ak patnè nou yo pou reyalize vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou yon etablisman 21èm syèk.”

Anganjman 600 milyon dola Otorite Potyè yo gen ladan li 200 milyon dola ki pou nouvo batiman Delta yo, sa enkli tou konstwiksyon pou nouvo espas pou foul moun yo ansanm ak ranp yo; 185 milyon dola ki pou yon nouvo ti santral elektrik piti ki pou sipòte nesite elektrik nouvo batiman an, plis yon ekspansyon Garaj Lès la ak pakin tanporè pandan konstwiksyon an; 215 milyon dola ki pou nouvo chose a ak lòt enfrastruktir sipò adisyonèl ki nòmalman se responsabite Port Authority tyè yo nan devlopman nouvo tèminal yo.

Nouvo tèminal Delta nan ayewopò LGA a pral gen ladan 37 pòt ki gen ekatman fleksib, chak kapab akomode avyon soti nan djèt rive nan flot konplè avyon fizelaj Delta yo. Yo pral konekte kat koulwa gar la yo atravè yon sal respasyon pou anrejistremman pasaje yo, pwèn kontwòl sekirite, ak zòn rekiperasyon malèt yo. Nan 37 pòt yo, 33 pral gen aksè a lari pou taksi ki gen de vwa, ki pral amelyore efikasite tèren avyasyon an lè yo redwi valè tan taksi yo pase nan zòn depa ak arive yo.

Tèminal la pral ofri yon koulwa gar ki pi laj, espas ki pi laj nan sal datant pòt la yo ak plis espas pou moun chita, ansanm ak 30 pousan plis espas pou boutik yo pase sa ki genyen nan Tèminal C ak D a. Li pral genyen tou yon nouvo Delta Sky Club ki gen ladan l yon Sky Deck avèk vi panorama tèren avyasyon an, pwodwi ak sèvis pou byenèt ak atik nan meni ki gen enspirasyon onivo lokal, ak mèb modèn, èv atizay Atis New York ki fenk ap parèt yo, ak lòt amenajman debaz inik ankò.

Etablisman pral ofri aksè ant pakin lan ak tèminal la, yo pral amelyore otowout yo ak zòn debakman ak anbakman yo, ak sèvis anrejistremman sou twotwa ki ap mennen w apre dirèkteman nan pwèn kontwòl sekirite yo. Konsepsyon nouvo tèminal la pral entegre teknoloji dirab ak amelyorasyon efikasite enèji.

Port Authority a te apwouve pou [lapremyè fwa \\$600 milyon pou pwojè a](#) an Jiyè 2016.

Apwopo Nouvo Ayewopò LaGuardia

Pwojè sa se pral premye ayewopò yo fin rekonstwi Etazini depi 20 an. Yo pral transfòme Ayewopò LaGuardia a an yon sèl batiman inifye ki pral gen aksè pou transpò ki elaji, li pral ogmante nan yon fason konsiderab espas taksi yo, ak pi bon enstalyon modèn pou pasaje yo. Konsepsyon yo reflekte rekòmandasyon Panèl Konseye Ayewopò Gouvènè a (Governor’s Airport Advisory Panel), sa enkli tou nouvo koulwa limine Central Hall la kote pasaje yo konn rive a, epi ki konbine pou premye fwa ansyen tèminal yo.

Nan deplase nouvo ayewopò inifye a pi pre Grand Central Parkway, pwojè a pral ogmante wout taksi yo ak plis pase de kilomèt epi redwi reta sou wout pou rive nan ayewopò a. Anndan ayewopò a pral pèmèt pasaje yo itilize entwizyon yo pou yo ka dirije yo, epi pral fasilite depasman efikas atravè batiman. Konsepsyon an tou pran an kont reyalite vwayaj nan avyon apre 11 Septanm lan, ak espas adisyonèl ki pou verifikasyon sekirite yo pou ede diminye tan atant pou pasaje yo pandan y’ap pase nan eskanè obligatwa TSA an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418